

Lè pou w Fè Revizyon Medikal Anyèl ou

Enskripsyon Louvri pou Medicare
15 Oktòb—7 Desanm



Medicare

Enskripsyon Louvri pou Medicare se 15 Oktòb—7 Desanm

Peryòd Ouvèti pou Enskripsyon se moman ou pou revize kouvèti sante oswa medikaman Medicare ou epi deside si ou vle fè chanjman. Sonje, pri ak benefis Medicare yo ka chanje chak ane. Konpare opsyon ou yo ka ede w jwenn pi bon kouvèti oswa ekonomize lajan.

Gen 2 fason prensipal pou w jwenn kouvèti Medicare ou:

- **Original Medicare:** Pati A (Asirans Lopital) ak Pati B (Asirans Medikal). Ou genyen tou opsyon pou w rantre nan yon plan medikaman Medicare apa pou w jwenn kouvèti medikaman (Pati D).
- **Medicare Advantage (Pati C):** Plan apwouve pa Medicare ki soti nan konpayi prive ki mete ansanm Pati A ou, Pati B ou, epi anjeneral Pati D ou nan yon sèl.

Pandan Open Enrollment, ou ka antre, chanje oswa kite yon Plan Medicare Advantage oswa yon plan medikaman Medicare, chanje pou Original Medicare, oswa kenbe kouvèti ou genyen kounye a. Si ou fin revize opsyon ou yo epi ou satisfè ak kouvèti aktyèl ou, ou pa bezwen fè anyen.

Jis anvan Ouvèti Enskripsyon, ou ka resevwa anpil lèt soti nan konpayi ki ap ofri pwodwi Medicare. Sonje, [Medicare.gov](https://www.medicare.gov), manyèl “Medicare & Ou” a, ak 1-800-MEDICARE (1-800-633-4227) se sous ofisyèl ou pou enfòmasyon ki san patipri.

Kijan mwen ka kòmanse?

1. Revize nenpòt enfòmasyon ou resevwa nan plan aktyèl ou a, enkli lèt “Avi Anyèl sou Chanjman”, pou w aprann kijan depans ak avantaj yo ka chanje an 2025.
2. Gade pou yon lis plan ki nan zòn ou an. Ou ka jwenn sa nan dènye vèsyon liv “Medicare & Ou” oswa lè ou vizite [Medicare.gov/plan-compare](https://www.medicare.gov/plan-compare). Ou ka jwenn plan nan zòn ou ki:
 - Koute mwens
 - Kouvri medikaman preskripsyon ou yo
 - Pèmèt ou itilize founisè ou vle yo, tankou doktè ou oswa famasi ou
 - Ofri kèk benefis siplemantè, tankou vizyon, tandè, dantè, ak plis ankò

Ou ka sèvi ak [Medicare.gov/plan-compare](https://www.medicare.gov/plan-compare) tou pou:

- Konpare plan sante ak plan medikaman kote yo youn ak lòt
- Jwenn estimasyon depans ou kapab peye sòti nan pòch ou
- Jwenn bon jan kalite ak evalyasyon sèvis kliyan nan men manm aktyèl plan an
- Jwenn enfòmasyon sou kouvèti ak pri ki adapte pou famasi ou prefere yo ak nenpòt medikaman ou pran

Kouman pou mwen antre nan plan oswa chanje plan yo?

Pou w rantre nan yon nouvo plan:

- Chwazi “Enskri” pou plan ou vle rantre ladan sou [Medicare.gov/plan-compare](https://www.medicare.gov/plan-compare).
- Vizite sitwèb plan an oswa rele yo dirèkteman. Ou ka tou mande pou yon fòm papyè pou w ranpli epi voye tounen pa lapòs bay plan an (yo dwe resevwa fòm ou an anvan 7 Desanm).

Kijan mwen ka jwenn èd pou konpare plan yo?

- **Rele 1-800-MEDICARE (1-800-633-4227). Itilizatè TTY yo ka rele 1-877-486-2048.** Nou la pou ede w 24 sou 24, menm nan wikenn yo. Si ou bezwen èd nan yon lang ki pa Angle oswa Panyòl, fè reprezantan sèvis kliyan an konnen.
- **Rele Pwogram Èd Asistans Asirans Sante Eta ou a (SHIP) pou jwenn konsèy asirans sante gratis, pèsonalize , epi san patipri.** Vizite shiphelp.org pou jwenn nimewo telefòn pou SHIP lokal ou.

Kijan mwen ka jwenn èd pou peye depans Medicare mwen yo?

Si ou bezwen èd pou peye prim Medicare ou yo ak lòt depans, vizite medicare.gov/basics/costs/help pou jwenn enfòmasyon sou pwogram ki ka ede ou. Gen kèk nan pwogram sa yo enkli:

Èd Siplèmantè: Ede moun ki gen revni ak resous limite peye pou kouvèti medikaman Medicare (Pati D). Vizite Medicare.gov/basics/costs/help/drug-costs pou aprann plis. Ou ka aplike tou nan ssa.gov/medicare/part-d-extra-help.

Pwogram Ekonomi sou Medicare: Kouvri Prèmiyòm Pati A ak/oswa Pati B pou moun ki gen ti revni ak resous limite. Vizite Medicare.gov/basics/costs/help/medicare-savings-programs pou plis detay.

Plan Peman Medikaman Medicare Ba ou opsyon pou w gaye depans dwòg ou yo sou peman chak mwa pandan tout ane a si ou gen kouvèti Pati D. Opsyon peman sa a ap kòmanse an 2025 epi li volontè epi gratis. Kontakte plan ou oswa vizite Medicare.gov/prescription-payment-plan pou aprann plis.

Dat enpòtan pou Medicare

1 Oktòb—Pare pou Ouvèti Enskripsyon an

Revize nenpòt avi ki sòti nan plan ou aktyèl la sou chanjman pri ak avantaj pou ane pwochèn. Apresa, vizite Medicare.gov/plan-compare pou jwenn ak konpare plan ki satisfè bezwen ou yo.

15 Oktòb—Ouvèti Enskripsyon an ap kòmanse

Sa a se sèl moman nan ane a kote tout moun ki gen Medicare ka fè chanjman nan kouvèti sante ak medikaman yo pou ane pwochèn.

7 Desanm—Anskripsyon Ouvè fini

Nan pifò ka, sa a se dènye jou ou ka chanje kouvèti Medicare ou pou ane pwochèn. Yon plan sante oswa medikaman dwe resevwa fòm enskripsyon ou an avan 7 Desanm.

1 Janvye—Kouvèti ap kòmanse

Si ou chanje pou yon nouvo plan sante oswa plan medikaman, nouvo kouvèti ou ap kòmanse 1ye janvye. Si ou kenbe kouvèti ou genyen kounye a, nenpòt chanjman nan benefis oswa depans pou nouvel ane a ap kòmanse tou sou 1ye janvye.

Kouvèti ap chanje apre 1ye janvye

Ant Janvye 1–Mas 31, si w ap nan yon Plan Avantaj Medicare, ou ka kite plan ou a epi chanje pou yon lòt Plan Avantaj Medicare ak oswa san kouvèti medikaman, oswa chanje pou Medicare Original. Si ou chwazi tounen sou Medicare Original, ou pral gen opsyon tou pou w rantre nan yon plan medikaman Medicare. Kouvèti ou kòmanse premye jou mwa a apre plan an resevwa fòm enskripsyon ou.



Medicare

Ou gen dwa pou jwenn enfòmasyon Medicare nan yon fòm aksèsib, tankou gwo enprime, braille, oswa odyo. Ou gen dwa tou pou depoze yon plent si ou santi ou te diskrimine kont. Vizite [Medicare.gov/about-us/accessibility-nondiscrimination-notice](https://www.medicare.gov/about-us/accessibility-nondiscrimination-notice), oswa rele 1-800-MEDICARE (1-800-633-4227) pou plis enfòmasyon. Itilizatè TTY yo ka rele 1-877-486-2048.

Pwodwi sa a te pwodwi nan depans kontribyab Ameriken.